



Pou Piblikasyon Imedya: 10/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE ANE KI PI SOLID JISKA PREZAN NAN WOUT RAY
LONG ISLAND LAN**

***Pèfòmans alè 95.65 pousan pou tren LIRR yo an 2024 se pi bon pèfòmans wout
ray la nan istwa li***

Kantite pasaj LIRR ogmante nan prèske 16 pousan depi 2023

Pèfòmans ki bat rekò yo te reyalize ak 14,000 tren an sèvis anplis

LIRR wè ogmantasyon nan evalyasyon satisfaksyon kliyan

***LIRR site aksan tout ajans lan mete sou fyabilite, revizyon orè yo ak dènye
investisman nan enfrastrikti kòm katalizè pou ane ki bat rekò***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke 2024 se te ane ki pi solid pou Wout Ray Long Island (Long Island Rail Road, LIRR) lan nan istwa prèske 200 ane li a. Pèfòmans alè ki bat rekò wout ray la te 95.65 pousan — meyè nan istwa li eksepte nan ane 2020-22 pandan pandemi COVID-19 la. LIRR te depase objektif pèfòmans alè 94 pousan li chak mwa pandan tout ane 2024 la pou premye fwa, epi li te fini ane a solid ak yon rekò pèfòmans alè pou tout tan an novanm lan ki se 96.2 pousan. Anplis de sa, chak nan 12 filyal LIRR yo te depase 94 pousan objektif pèfòmans alè epi 95 pousan tren yo te kouri alè an desanm.

"Nouyòkè yo merite sèvis tren rapid ak fyab kèlkeswa kote yo prale, epi LIRR te sèvi pasaje nou yo an 2024 ak ane ki pi solid li jiska prezan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen pran angajman pou m kenbe Nouyòk an mouvman epi kontinye bati sou pèfòmans sa yo, pandan nou pa ka tann pwojè ki pral modènize ray tren nou yo, diminye tan vwayaj yo ak elaji sèvis tren pou pasaje yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "Transpò ap ede fè Long Island — ak tout rejyon Nouyòk la — pi abòdab. 687,000 tikè chak mwa nou te vann an 2024 yo te an reyalite koute mwens pase an 2019."

LIRR te wè yon gwo ogmantasyon nan satisfaksyon kliyan yo nan Sondaj sou Satisfaksyon Kliyan ki fèt chak dezan ki te fèt an otòn 2024. Satisfaksyon an jeneral te

rive nan 76 pousan, yon ogmantasyon 6 pwen apati prentan 2024 — pi wo li te rive depi otòn 2022 anvan ouvèti Grand Central Madison lan.

Sondaj sou Satisfaksyon Kliyan otòn 2024 la te fèt 14-31 oktòb 2024, yo te ofri li sou entènèt nan nèf lang ak nan telefòn. LIRR te gen 21,854 garan, yon ogmantasyon 27 pousan apati prentan 2024.

Prezidan Wout Ray Long Island lan, Rob Free, te deklare, "Youn nan objektif prensipal mwen lè mwen te asire prezidans LIRR la se te kreye yon eksperyans kliyan etonan, chak jou, sou chak tren. Elan enkwayab nan satisfaksyon kliyan sa a montre ke nou reyalize li an reyalite. LIRR kontinyèlman kontwole done ak opinyon kliyan yo pou amelyore fyabilite ak eksperyans kliyantèl sèvis nou an. Pèfòmans alè nan nivo rekò, orè yo pi pratik, epi sa fè kliyan nou yo kontan."

Estatistik preliminè sou pasaje pou 2024 montre yon ogmantasyon nan kantite pasaje — 75.5 milyon pasaje te monte LIRR an 2024 konpare ak 65.2 milyon moun ki te monte nan 2023, sa ki make yon ogmantasyon 15.8 pousan. Novanm 2024 se te yon mwa ki gen anpil siksè pou wout ray la, li te rive nan yon nivo pèfòmans alè ki bat rekò ki se 96.2 pousan — nivo ki pi wo pou mwa sa a depi estatistik la te kòmanse kenbe an 1979 — epi li te pote 6.3 milyon pasaje, pa rapò ak 5.8. milyon pasaje an 2023.

Top 5 jou lasemèn pou kantite pasaje an 2024

Mèkredi	11/27/2024	284,694	Pi gwo kantite pasaje depi pandemi an
Mèkredi	9/18/2024	281,624	2è jou lasemèn ki pi wo
Mèkredi	10/16/2024	279,608	3è jou lasemèn ki pi wo
Jedi	10/17/2024	277,906	4è jou lasemèn ki pi wo
Madi	10/8/2024	275,934	5è jou lasemèn ki pi wo

Pi gwo kantite pasaje nan samdi ak dimanch an 2024

Samdi	12/14/2024	161,398
Dimanch	6/9/2024	132,945

Pwojè sèvis ak ekspansyon

Depi 2018, LIRR ogmante kapasite ray tren an ak yon seri pwojè.

Yo te ajoute yon dezyèm tras nan yon twonson 29 km (18 mil) nan Sikisal Ronkonkoma ant Farmingdale ak Ronkonkoma an 2018. Sa te pèmèt wout ray la ogmante sèvis nan

moman pik yo, ajoute fleksibilite epi ede minimize enpak pètibasyon sèvis yo nan sikisal la.

Konstriksyon Twazyèm Vwa Liy Prensipal la te konplete an 2022 pa sèlman yon pwojè ekspansyon tren men tou yon pwojè enfrastrikti, ki te pote plis enfrastrikti ki egziste deja pou asire ke li rete an bon eta pase nenpòt lòt pwojè nan istwa wout ray la, ogmante sekirite, modènize estasyon yo, anbeli vil yo epi elimine plizyè pasaj anivo tren yo. Yo te konstwi pis la alè ak 100,000 dola anba bidjè, e li te ouvri nan mwa oktòb 2022 apre 50 ane efò. Pou la pwemye fwa, vwayajè Long Island yo te gen mwens abouteyaj tren ak mwens reta, epi kounye a yo gen yon vrè sèvis nan de direksyon pandan moman pik yo sou yon rezo tren ki pi fyab

Dernye tèminal LIRR a, Grand Central Madison, te ouvri an 2023. Konbine ak Twazyèm Vwa Main Line la, pwojè yo te pèmèt yon ogmantasyon sèvis nan 41 pousan, ki se plis sèvis pase nenpòt lòt lè nan istwa ray tren an. Ogmantasyon sa yo te kontinye nan 2023, ak LIRR ki te opere 14,000 tren adisyonèl an 2024 pase nan 2023.

Aprè yon ogmantasyon 41 pousan nan sèvis ki te fèt lè ray tren an te kòmanse opere soti nan Grand Central Madison an fevriye 2023, premye modèl itilizasyon yo montre yon repatisyon jeneral 70 pousan/30 pousan itilizasyon ant Penn Station ak Grand Central te evolye pandan 23 mwa ki sot pase yo nan yon repatisyon 60 pousan/40 pousan.

Agrandisman ak modènizasyon sistèm ke pwojè sa yo anjandre te pèmèt LIRR bati ak ouvri premye nouvo estasyon banlye a plen tan li a, Elmont-UBS Arena, ki pote plizyè milye moun k ap patisipe nan evènman an nan tèren an ak nan zòn komèsyal ki antoure yo ki te kontribye lajan pou ekonomi lokal la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)